

## **BAB III**

### **MÉTODE PENELITIAN**

Pedaran dina bab ngawengku lima hal, nyaéta (1) desain panalungtikan, (2) sumber jeung data panalungtikan, (3) téknik ngumpulkeun data, (4) instrumen panalungtikan, jeung (5) téhnik ngolah data.


#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif dipaké lamun ulikan nu dipilampah pikeun nalungtik fénoména nyaéta tanpa manipulasi naon waé atawa pamarekan anu dipaké lamun ulikan dina panalungtikan téh nganalisis fénoména nyata anu mika tur museur kana panyangkem fénoména ngaliwatan prosés nyusun harti. Ieu pamarekan téh leuwih museur kana déskripsi gembleng ti batan makéna angka-angka dina ngalaporkeun hasil panalungtikan.

Saluyu jeung pamarekan nu dipaké, dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Ari sababna, data anu dipidangkeun dipasing-pasing, dianalisis, tur didadarkeun sarta dicindekkeun. Métode panalungtikan téh mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking naon-naon nu dituju jeung manfaat panalungtikan (Sugiono, 2011, kc: 2). Data anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta interférensina basa Cirebon jeung basa Indoneisa kana basa Sunda dina karangan babad siswa. Déskripsina nyoko kana interférensina basa anu ngawengku interférensina fonologis (grafologis), interférensina gramatikal (morfologis jeung sintaksis), sarta interférensina léksiko-semantis.

Dumasar kana pamarekan jeung métode panalungtikan anu geus disebutkeun di luhur, désain dina ieu panalungtikan ditangtukeun minangka tahap-tahap kagiatan panalungtikan ti mimiti nangtukeun masalah, nangtukeun sumber data, ngumpulkeun data, ngagunakeun instrumén panalungtikan, ngolah data, nepi

ka nyusun kacindekan. Désain dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1: Désain Panalungtikan

### 3.2 Sumber jeung Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan nyaéta siswa kelas X SMKN 1 Leuwimunding, Majalengka. Data nu dikumpulkeun téh dina wangun Lembar Kerja karangan siswa dina nuliskeun deui carita babad nu dipilih sorangan tina carita babad nu aya di sabudeureunana nu hirup dimasyarakat, bisa dina carita babad desa jeung carita-carita babad nu sanesna, tuluy ditulis ku siswa dina keretas polio dina basa Sunda.

Karangan babad siswa teu sakabehanana dicokot, tapi ngan karangan anu ngandung data interferensi basa Cirebon, jeung basa Indonesia kana basa Sunda. Sumber datana nyaéta siswa kelas X SMKN 1 Leuwimunding, Majalengka taun ajaran 2019-2020. Data nu dipilih téh nyaéta data nu ngawakilan wangun interferensi basa, jumlah tina unggal kelas dipilih 4 urang. Dina saentraganana kelas X téh aya 13 Rombel (*rombongan belajar*). Jadi, jumlahna aya 52 siswa saperti ébréh dina tabél ieu di hadap.

Bagan 3.2: Sumber jeung Data Panalungtikan

No	Jurusan	Kelas	Jumlah
1	Teknik Kendaraan Ringan (TKR)	X TKR 1	4
		X TKR 2	4
		X TKR 3	4
		X TKR 4	4
		X TKR 5	4
2	Teknik Komputer Jaringan (TKJ)	X TKJ 1	4
		X TKJ 2	4
		X TKJ 3	4
3	RPL	X TPL 1	4
		X RPL 2	4
		X RPL 3	4

4	Akuntansi (Akun)	X Akun 1	4
		X Akun 2	4
Jumlah			52

### 3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Teknik dina ngumpulkeun data panalungtikan interférénsi basa ngagunakeun téknik kuisisioner (angkét) jeung teknik tés. Teknik kuisisioner atawa angkét boga tujuan pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kaayaan siswa jeung faktor-faktor nu bisa ngabalukarkeun bangbaluh siswa dina nulis karangan babad. Teknik tés tujuanana pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa hasil tulisan karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding, Majalengka taun ajaran 2019-2020.

Dumasar kana dua téhnik di luhur, ngumpulkeun data interférénsi basa Cirebon jeung basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan babad siswa dipilampah ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Observasi ka sakola ku cara ngabagikeun angket ka siswa kelas X SMKN 1 Leuwimunding.
- b. Mulut angkét ti siswa.
- c. Ngaruntuy kuisisioner (angkét) siswa dumasar kana nomer absénsi.
- d. Maca angkét siswa nu geus dikumpulkeun.
- e. Méré papancén ka siswa pikeun milih carita babad nu aya di sabudeureun lemburna pikeun dituliskeun deui.
- f. Siswa nuliskeun carita babad dina lembar karangan nu geus disadiakeun.
- g. Ngaruntuykeun karangan babad siswa dumasar kana nomer absensi sarta dikodean.
- h. Maca karangan babad siswa tur nyirian nu ngandung interférénsi.
- i. Nyirian interferensi basa nu aya dina kecap, frasa, jeung kalimah nu aya dina karangan babad siswa.
- j. Nyatet interférénsi nu aya dina karangan babad siswa kana kartu data.



- b. Jawa      d. ...
5. kapan dan dimana saja atau pada saat apa saja bahasa ibu kalian gunakan ?
  6. Bahasa yang digunakan bila berbicara dengan guru bahasa Sunda?
    - a. Indoneisa      c. Jawa-Sunda
    - b. Jawa      d. Sunda      e. Jawa Indoneisa      f. Sunda- Indonesia
  7. Bahasa yang digunakan dalam pergaulan dengan teman-teman di sekolah,...
    - a. Indoneisa      c. Jawa-Sunda
    - b. Jawa      d. Sunda      e. Jawa Indoneisa      f. Sunda- Indonesia
  8. Bahasa yang digunakan dengan teman-teman dilingkungan rumah?
    - a. Indoneisa      c. Jawa-Sunda
    - b. Jawa      d. Sunda      e. Jawa Indoneisa      f. Sunda- Indonesia
  9. Bahasa yang di gunakan ketika berbicara di media sosial?
    - a. Indoneisa      c. Jawa-Sunda
    - b. Jawa      d. Sunda      e. Jawa Indoneisa      f. Sunda- Indonesia
  10. Bahasa yang digunakan ketika berbicara dengan guru yang lain di sekolah?
    - a. Indoneisa      c. Jawa-Sunda
    - b. Jawa      d. Sunda      e. Jawa Indoneisa      f. Sunda- Indonesia
  11. Apakah ada lagi bahasa yang digunakan atau di kuasai selain bahasa ibu?  
Sebutkan apa saja?
  12. kapan dan dimana saja atau pada saat apa bahasa dikuasai selain bahasa ibu tersebut digunakan?
  13. Sumber bacaan yang sering di baca?
    - a. Sunda      c. Inggeris
    - b. Indonesia      d. Jawa      e. Yang lain
  14. jika menguasai lebih dari satu bahasa, maka bahasa apa yang paling sering di gunakan?
  15. Dalam berkomunikasi baik lisan maupun tulis, sering kalian melakukan campurkode (menggunakan bahasa yang di campur-campur, seperti bahasa

Indonesia dengan bahasa Jawa (cieebon), Inggris, atau Sunda)? Mengapa terjadi?

### 3.4.2 Lembar Tes

Dina ieu panalungtikan, dilaksanakeun dua kali pertemuan (tatap muka). Kahiji, guru ngabagikeun ling anket google form sangkat dieusian ku siswa-siswi, jeung ngajelaskeun wangenan babad, contoh babad Majalengka, jeung marentahkeun sangkan milih carita babad nu aya disabudeureun hidep boh babad desa boh babad nu sanesna sangkan tiasa kaangkat.

Kadua sabada kenging carita babad, siswa di piwarang nuliskeun deui carita babad dina kertas polio bergaris ngagunakeun basa Sunda.

#### Bagan 3.3

#### Format Lembar Tés Siswa

Lembar Tés Siswa

Identitas Siswa

1. Nami :.....

2. Kelas :.....

Parenta Soal

1. Sabada di baca, maham, carita babad nu dipilari tuluy dipilih ku hidep. pek tuliskeun carita babad ku hidep ngagunakeun basa Sunda!

.....

.....

### 3.4.3 Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun nyatet data interférensí basa Cirebon jeung basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan babad siswa. Informasi anu aya dina kartu ngawengku (1) data interférensí, (2) nomer karangan babad, (3) kode karangan babad siswa, jeung (4) nomer urut data dina karangan babad.

Bagan 3.4

Kartu Data

KARTU DATA	
.....	(003/X
TKR1/CC/:...)	
1. BI	2. BC
Interferensi BC/ BI :	3. BS/
BC jeung BI	
Wangun Interfrensí :	4. BI
Grafologis :	
Morfologis :	
Sistaksis :	

Keterangan:

- 002 : No Absen  
 X TKR 1 : kelas Siswa  
 CC : Asal Siswa (Cirebon Ciwaringin)  
 1 : Basa diimah  
 2 : Basa kampung  
 3 : Basa jeung babaturan di sakola  
 4 : Sumber Basa bacaan



### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpulkeun, léngkah satuluyna nyaéta ngolah data. Téhnik anu dipaké ngolah data nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Ari léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- a. Mariksa deui data interférénsi basa Cirebon jeung basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan babad siswa anu geus dikumpulkeun.
- b. Nyalin data interférénsi basa Cirebon jeung basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan babad siswa kana katu data.
- c. Nyusun papasingan data basa Cirebon jeung basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan babad siswa dumasar (1) interférénsi fonologis (grafologis), (2) interférénsi gramatikal, jeung (3) interférénsi léksiko-semantis.
- d. Nganalisis data interférénsi basa Cirebon jeung basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan babad siswa dumasar (1) interférénsi fonologis (grafologis), (2) interférénsi gramatikal, jeung (3) interférénsi léksiko-semantis.
- e. Ngadéskripsikeun data interférénsi basa Cirebon jeung basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan babad siswa dumasar (1) interférénsi fonologis (grafologis), (2) interférénsi gramatikal, jeung (3) interférénsi léksiko-semantis.
- f. Napsirkeun jeung nyindekkeun basa Cirebon jeung basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan babad siswa dumasar (1) interférénsi fonologis (grafologis), (2) interférénsi gramatikal, jeung (3) interférénsi léksiko-semantis.